दिन–शनिवार दिनांक–17.01.2026

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आइ पश्चिम बंगालक मालदा सँ हावड़ा आओर असमक कामाख्याक बिच देशक पहिल स्लीपर वंदे भारत एक्सप्रेस के हरियर झंडा देखा कऽ खोलबौलनि। प्रधानमंत्री श्री मोदी गुवाहाटी–हावड़ा वंदे भारत स्लीपर ट्रेन के सेहो वर्चुअल माध्यम सँ रवाना कयलनि। संगहि ओ कतेको नव अमृत भारत ट्रेन के सेहो रवाना कयलनि। नव अमृत भारत ट्रेन मे सँ पांच ट्रेन बिहार होइत चलत। पूर्व मध्य रेलवेक मुख्य जनसंपर्क अधिकारी सरस्वती चंद्र जनौलनि जे ई सभ ट्रेन मे हावड़ा सँ आनंद विहार, सियालदह सँ बनारस, अलीपुरद्वार सँ मुंबईक पनवेल, डिब्रुगढ़ सँ लखनऊक गोमतीनगर आओर गुवाहाटीक कामाख्या सँ रोहतक ट्रेन अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार आइ समृद्धि यात्राक बिच पूर्वी चंपारण जिलाक दौरा कयलनि। श्री कुमार एहि बिच एक सय बहत्तरि करोड़ टाकाक लागतिवला कतेको विकास योजनाक उद्घाटन आओर शिलान्यास कयलनि। मुख्यमंत्री सात निश्चय–दू आओर तीन मे, जिला मे चलि रहल कतेको विकास आओर कल्याणकारी योजनाक समीक्षा कयलनि। श्री कुमार लोक सभक संग जनसंवाद सेहो कयलनि। एहि मौका पर उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आओर विजय कुमार सिन्हा सहित कतेको पैघ–पैघ नेता सभ छलाह।

---

एम्हर, मुख्यमंत्री नीतीश कुमार पूर्वी चंपारण जिला मुख्यालय मोतीहारी मे बनि रहल विराट रामायण मंदिर परिसर मे पैघ शिवलिंगक स्थापना कार्यक्रम मे शामिल भेलाह। वैदिक मंत्रोच्चार आओर धार्मिक अनुष्ठानक बिच पैघ शिवलिंगक स्थापना कयल गेल। एहि मौका पर स्वर्गीय आचार्य किशोर कुणालक पुत्र स्यान कुणाल आओर हुनक कनिया सांसद शांभवी चौधरी यजमानक भूमिका मे छलाह। ग्रेनाइट पाथर सँ बनल दू सय दस मिट्रिक टन वनजवाला ई शिवलिंग तमिलनाडुक महाबलिपुरम मे बनाओल गेल अछि।

---

मुख्यमंत्री नीतीश कुमार जनतब पर सभ जिला मे उनैस जनवरी सँ जनसुनवाई शुरू होयत। सात निश्चय तीन मे **सबाक सम्मान जीवन आसान** लक्ष्य के लऽकऽ हरेक सोम आओर शुक्र दिन कतेको विभागक अधिकारी सभ लोक सभक समस्या सुनताह। राजस्व आओर भूमि सुधार विभाग सहित कतेको विभाग ई योजना के लागू करबाक लेल जनौलक अछि। उपमुख्यमंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे लोक सभक जिंनगी आसान हो एहि लेल प्रयास कयल जा रहल अछि। एम्हर, कतेको जिला प्रशासन जन सुनवाई लेल तैयारी शुरू कऽ देलक अछि।

———————————————————————

उप मुख्यमंत्री सह राजस्व आ भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि अछि जे दाखिल खारिज मे जानि–बुझि कऽ कयल गेल देरी के अपराध मानल जायत। श्री सिन्हा चेतावनी दैत जनौलनि जे चौदह दिन मे बिना कोनो आपत्तिवाला मामिलाक निपटारा कयल जाय। विभागक सचिव जय सिंह एहि लेल सभ जिलाधिकारी के चिट्‌टी लिखि कऽ लापरवाहिक मामिला मे कड़गर कार्रवाई करबाक लेल जनौलनि अछि।

———————————————————————

प्रदेश मे एग्री स्टैक महाअभियान मे किसान सभक पंजीकरणक दोसर चरण आइ सँ शुरू भऽ गेल। उपमुख्यमंत्री सह राजस्व आओर भूमि सुधार मंत्री विजय कुमार सिन्हा जनौलनि जे ई अभियान मे पचहत्तरि लाख किसान सभक निबंधनक लक्ष्य अछि, जाहि के अगिला पच्चीस दिन मे पूरा कऽ लेल जायत। ओ जनौलनि जे छओ जनवरी सँ एगारह जनवरी धरि पहिल चरण मे बीस लाख सँ बेसी किसान सभक निबंधन कयल गेल अछि। एम्हर, दोसर चरण मे कतेको जिला मे कैंप लगा कऽ किसान सभक पंजीकरण काज तेज गति सँ कयल जा रहल अछि।

———————————————————————

राष्ट्रीय लोक मोर्चाक नव निर्वाचित विधायक सभक नाराजगी दूर होइत देखल जा रहल अछि। पार्टीक विधायक माधव आनंद आओर आलोक कुमार सिंह पार्टी प्रमुख उपेन्द्र कुशवाहा सँ हुनक पटना आवास पर भेटिं–घाट कयलनि। पार्टी सोशल मीडिया पर ई फोटो साझा कयलक अछि। जनाओल गेल अछि जे पार्टीक एकजुटता बनल अछि।

———————————————————————

मिथिलांचल मे आइ नरक निवारण चतुर्दशी पावनि श्रद्धा आ भक्तिक संग मनाओल जा रहल अछि। एहि मौका पर भोलेनाथक जलाभिषेक लेल दरभंगाक कुशेश्वर स्थान, विदेश्वर स्थान, मधुबनीक कपिलेश्वर स्थान सहित आनोआन शिवालय सभ मे भोरे सँ भक्त सभक भारी भीड़ देखल जा रहल अछि। श्रद्धालु सभ आजुक दिन व्रत रखैत छथि आओर सांझ मे बैर फल सँ पारन करैत छथि।

———————————————————————————

सर्द पछिया हवाक गति कम भेला सँ राज्यक बेसी क्षेत्र मे ठंढा कम भेल अछि। मौसम विभागक अनुसार पछिला चौबीस घंटाक बिच बेसी ठाम अधिकतम आ न्यूनतम तापमान दू सँ तीन डिग्री सेल्सियस बढल अछि। विभाग अपन पूर्वानुमान मे जनौलक अछि जे अगिला दू दिन धरि मौसम मे कोनो खास बदलि नहि होयत। ओतहि, राज्यक पश्चिमी, उत्तर–मध्य आओर दक्षिण–पूर्वी भाग मे कतेको ठाम घनगर कुहेस छाओल रहि सकैत अछि। पछिला चौबीस घंटाक बिच भागलपुरक सबौर राज्यक सभ सँ बेसी ठंढा स्थान रहल जतऽ न्यूनतम तापमान पांच दशमलव चारि डिग्री सेल्सियस रहल।

———————————————————————————

समाप्त